

Sa pwopriyetè biznis yo dwe konnen sou konpansasyon travayè



Asirans konpansasyon travayè pwoteje anplwaye yo pou yo pa pèdi salè yo si yo ta pran yon chòk oswa gen maladi ki gen rapò ak travay yo. Anplwaye yo dwe toujou genyen asirans konpansasyon travayè pou anplwaye yo. Daprè règleman konpansasyon travayè, anplwaye yo gendwa ouvriye, anplwaye yo lwe oswa prete, benevòl, moun k ap travay a tan pasyèl ak fanmi yo, ansanm ak pifò moun k ap travay sou kontra. Ale sou [wcb.ny.gov](#) pou jwenn resous konplè sou konpansasyon travayè pou moun ki gen biznis.

Ki moun ki bezwen asirans?

1. Tout biznis pou fè pwofi ki gen anplwaye, oswa travayè Komisyon Konpansasyon Travayè yo konsidere kòm anplwaye.
2. Patwon travayè domestik ak èd swen sante k ap travay 40 èdtan pa semèn nan yon rezidans.
3. Pifò òganizasyon san bi likratif.


Kontraktè endependan yo

Remak enpòtan: Yo ka konsidere travayè ki sou kontwòl dirèk ou kòm anplwaye ou pou rezon konpansasyon travayè, kèleswa fason ou deklare enpo. Ou ka bezwen asirans menm pou moun ki resevwa 1099 yo.

Ki moun ki pa bezwen asirans?

Pwopriyetè biznis ki pa gen okenn anplwaye, epi ki se sèl pwopriyetè biznis la, oswa moun ki nan patenarya, LLC, oswa kòporasyon ak youn (1) oswa de (2) moun kote pwopriyetè yo posede tout aksyon (yon aksyon oswa plis yo chak) epi kenbe tout biwo syèj sosyal yo pa oblige gen asirans yo men.

Pwopriyetè biznis yo ka toujou mete tèt yo nan yon kontra asirans. Pou jwenn plis enfòmasyon, tankou egzijans pou pwopriyetè biznis ki travay tankou travayè endependan, ale sou [wcb.ny.gov](#).



Responsabilite patwon yo

Lè gen yon chòk/maladi:

- Ede anplwaye yo jwenn swen medikal.
- Mete konpayi asirans konpansasyon travayè ou a okouran nenpòt chòk oswa maladi ki gen pou wè ak travay. Patwon yo ka mete Komisyon an okouran tou lè yo depoze *Premye Rapò Anplwaye pou Chòk/Maladi nan Travay (Employer's First Report of Work-Related Injury/Illness, Fòm C-2F)*. Men, ou pa oblige si administratè reklamasyon ou oswa konpayi asirans ou te depoze yon *Premye Rapò pou Chòk (First Report of Injury, FROI)* elektwonik pou ou a tan. Si yon patwon pa deklare yon aksidan travay bay konpayi asirans li a tan, Komisyon Konsèy la ka bay yon sanksyon jiska \$2,500.
- Di konpayi asirans la si chòk oswa maladi a te lakòz oswa pral lakòz anplwaye a pèdi tan nan travay, pral bezwen tretman medikal ki plis pase premye swen òdinè, oswa pral bezwen yo bay premye swen plis pase de (2) fwa.

Poukisa ou dwe konfòme ak lwa a?

- Biznis yo peye yon sanksyon ki jiska \$2,000 pou chak 10 jou yo pa gen asirans, ansanm ak sanksyon pou manti nan pewòl oswa tach anplwaye, ak si yo pa kenbe ase dosye.
- Lè ou pa gen asirans konpansasyon travayè pou plis pase senk (5) anplwaye sa se yon gwo krim. Lè ou pa gen asirans pou senk (5) oswa mwens anplwaye se yon krim deli.
- Komisyon an pousoiv moun ki vyole lwa sa a ak lòd pou sispann travay.
- Moun ak biznis ki gen sanksyon p ap ka gen kontra travo publik pou yon (1) ane.
- Pwopriyetè biznis ki pa gen asirans konpansasyon travay yo responsab pèsònèlman pou avantaj salè ak depans swen medikal pou yon anplwaye ki blese nan travay.
- Jeneralman, anplwaye yo pa ka pote plent pou yon patwon pou yon chòk oswa maladi nan travay lè patwon an pa gen asirans.
- Konpayi asirans yo ap mete Komisyon an okouran lè yo ekri, modifie, oswa a anile asirans la. Si ou anile pwoteksyon asirans ou san yon kontra ranplasman, Komisyon an pral kontakte pwopriyetè biznis la. Enfòmasyon sou asirans patwon an se enfòmasyon publik, ki disponib sou sitwèb Komisyon an nan wcb.ny.gov.

Li ilegal pou yon patwon fè diskriminasyon kont yon anplwaye ki depoze oswa temwaye nan yon ka konpansasyon travayè.

Sitiyasyon ak imigrasyon pa yon faktè pou resevwa asirans.

KALITE ASIRANS

Asirans Privé: Plizyè santèn konpayi asirans prive gen otorizasyon pou ekri kontra asirans konpansasyon travayè nan Eta New York. Depatman Sèvis Finansye Eta New York gen yon fonksyon Rechèch Asirans sou sitwèb yo. Tanpri ale sou: dfs.ny.gov.

Asirans Piblik: Fon Asirans Eta New York la se yon konpayi asirans benefisyè a kontribye ladan ki ekri kontra asirans konpansasyon travayè nan Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nysif.com.

Asirans Endividyèl: Patwon ki gen anpil anplwaye yo ka mete rezèv akote pou pwòp asirans yo, nan yon pwoesisis fòmèl ki kontwole. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Komite a nan **(518) 402-0247**.